

RÈGLEMEN ÈD FINANSYE

OBJEKTIF

Rezon règleman sa a, se pou asire tout demann pou èd finansye yo evalye e chak trete san patipri pou sipòte misyon Lopital la ki se pou ofri yon ansanm sèvis sante ak byennèt bon jan kalite ki konsantre sou bezwen kominote nou an.

PÒTE AK APLIKABILITE

1. Ki moun ki elijib pou Èd Finansye?

Pou moun kalifye pou Èd Finansye nan Lopital Stamford, yo dwe ranpli toulède kritè finansye ak ijans/medikalman nesèsè ki nan deskripsyon pi ba a.

- A. Moun ki rezide an Etazini ak moun ki pa rezide Etazini (sa gen etidyan ladan) ki san asirans, ki pa gen ase asirans, ki pa kalifye pou pwogram federal oswa pa Eta a oswa yon plan sante disponib atravè Dekrè-Lwa sou swen abòdab.
- B. Rezidan nan Etazini ki gen revni an gwo pou kay li pou lane a, ki pa depase kat fwa Depatman Lasante e Sèvis Imèn Ameriken Pwosedi Povrete Federal la selon tay fanmi yo.

2. Ki sèvis règleman an kouvri?

- A. Èd Finansye disponib pou ede redui chaj finansye pou sèvis ijans e swen medikal yo ki nesèsè. Sèvis kosmetik, eksperimantal e konvenyans yo pa ka konsidere kòm ijan oswa medikalman nesèsè anba règleman sa a.
- B. Règleman sa a kouvri sèvis Stamford Health ak Founisè li kouvri yo. Apendis C bay yon lis founisè (apa Lopital la pou tèt li) ki founi ijans, ak lòt swen medikal nesèsè nan Lopital la, ki espesifye kiyès nan founisè sa yo (oswa gwoup founisè yo) ki sijè a règleman sa a, epi kiyès ki pa sijè a règleman sa a. Yap gen pou revize Apendis C e revize li detanzantan.

AVI SOU RÈGLEMEN AN AK APLIKASYON

1. Yap avize moun yo ak kominote a sou Règleman Èd Finansye a jan sa ye pi ba a:

- A. Lè yo fin fè admisyon yo, yo pral ofri tout pasyan yon kopi rezime Èd Finansye a nan Langaj Òdinè a. Anplis sa, yo pral rann Rezime a disponib lè yo mande li. Rezime a pral bay enfòmasyon sou fason pasyan yo ka jwenn tout règleman sou Èd Finansye (FAP), yon fòmilè aplikasyon FAP, e plis enfòmasyon sou pwogram Èd Finansye yo.
- B. Lopital Stamford pral fè règleman sa a, yon fòmilè aplikasyon FAP ak Rezime nan langaj òdinè FAP la disponib sou sit entènèt li a, <http://www.stamhealth.org> . , sou demann san yo pa fè peye, pa lapòs, epi nan divès pwen anndan Lopital la, sa gen ladan omwen depatman ijans la, epi depatman admisyon an.

- C. Lopital Stamford ap fè tou manm nan kominote lopital la bay sèvis sou Pwogram Èd Finansye a nan yon fason, lidè yo ap detèmine pou rive jwenn manm ki ka plis bezwen èd finansye nan men Lopital Stamford.
- D. Gen ladann yon avi vizib anpil, ki ekri nan relve bòdwo yo, pou enfòmasyon sou disponiblite èd finansye selon FAP Lopital la, epi genyen ladan nimewo telefòn biwo fasilite lopital la ki ka bay enfòmasyon sou FAP e sou pwosesis aplikasyon FAP la epi adrès sitwèb dirèk la (oswa URL) kote kopi FAP yo, fòmilè aplikasyon FAP la, epi kote yo ka jwenn rezime nan langaj òdinè FAP la.
- E. Mete afichaj piblik ki vizib anpil pou enfòmasyon pasyan yo sou FAP nan pwent piblik nan lopital la ki gen ladan ominimòm depatman ijans lan, ak zòn admisyon an.

2. Kouman pou fè aplikasyon pou Èd finansye a.

- A. Demann inisyal yo ka fèt alekri oswa nan telefòn; men, fòmilè aplikasyon FAP la dwe ranpli epi soumèt anvan yo ka pran yon desizyon final. Anplis etap yo pran yon fason laj pou pibliye FAP la, yon fwa yon moun fè yon demann pou Èd Finansye, yap fè moun nan konnen règleman sa a, epi yap voye ba li kopi fòmilè aplikasyon yo avèk fòmilè Rezime Langaj Odinè a tou. Si yon moun pale yon angle limite oswa li pa pale angle ditou, yap ba li dokiman sa yo nan lang Panyòl oswa Kreyòl si se apwopriye.
- B. Lopital Stamford ka, nan sèten sikonstans, bay Èd Finansye a anvan, oswa san yo pa fè okenn aplikasyon pou èd la. Sityasyon sa yo ka gen ladann, men yo pa limite nan:
 - 1) Pasyan san yon adrès pèmanan;
 - 2) Pasyan ki mouri kote yo te detèmine pa gen okenn imobilye ki ekspozè oswa byen imobilye a an fayit; epi
 - 3) Lòt sityasyon sou yon baz ka pa ka, selon diskresyon Lopital Stamford.
- C. Ou ka fè yon demann pou Èd Finansye nenpòt ki lè. Sa vle di yon moun ka fè yon demann anvan, pandan oswa apre yo resevwa sèvis, sa gen ladan apre kòmansman yon ajans rekouvremant pran aksyon kont moun nan.

RANPLI APLIKASYON AN

Se yon patikilye ki dwe ranpli aplikasyon an oswa gadyen legal li (fi oubyen gason). Si ou gen nenpòt kesyon konsènan ranplisaj Aplikasyon Èd Finansye a, tanpri kontakte liy Sèvis Kliyantèl la nan 203-276-7572.

1. Aplikasyon FAP la egzije enfòmasyon sa yo:

- a. Dat demann nan
- b. Moun ki fè demann nan (paran oubyen gadyen si pasyan se yon minè)
- c. Non pasyan an
- d. Nimewo Sekirite Sosyal
- e. Dat nesans pasyan an
- f. Adrès pasyan an
- g. Nimewo telefòn

- h. Kantite moun ki nan kay la
- i. Revni fanmi an pou douz (12) mwa ki sòt pase yo (peman taks ki depoze a) e (souch chèk) mwa pase yo.
- j. Byen disponib yo
- k. Aplikasyon an siyen epi date

2. *Epitou, Aplikasyon FAP la mande enfòmasyon sa yo kote Lopital Stamford ka itilize pou verifye revni chak lane kay aplikan an fè. Aplikan yo pa bezwen bay chak atik anba yo, si enfòmasyon an pa disponib:*

- a. Souch peman pou peryòd yon mwa ki pi resan an ki disponib
- b. Prèv konpansasyon chomaj
- c. Prèv nenpòt alokasyon federal oswa Eta a
- d. Kont labank oswa deklarasyon investisman
- e. Atestasyon pèsònèl notarye kòm prèv revni

Si yon aplikasyon FAP ki soumèt e li pa konplè, Lopital la dwe, nan yon espas trant (30) jou pou soumèt notifikasyon bay aplikan an alekri, pa apòs regilye voye bay nan adrès Lopital la genyen pou aplikan an, pou di li aplikasyon an pa konplè, epi notifye aplikan an sou enfòmasyon nesèsè ki manke a. Yo dwe bay aplikan an yon peryòd tan ki rezonab (pa mwens pase trant (30) jou anplis) pou soumèt enfòmasyon ki manke yo.

DETÈMINE KALIFIKASYON AK KANTITE LAJAN POU ÈD FINANSYE A

Detèminasyon elijiblite, ak kantite lajan pou Èd Finansye kapab fèt sèlman lè yo soumèt yon fòmilè aplikasyon Èd Finansye konplè akonpaye ak dokiman yo mande yo. Yo dwe soumèt Fòmilè a bay Konseye Èd Finansye Depatman Sèvis Afè Pasyan yok e yo ka rive jwenn lè yo rele Depatman Sèvis Kliyantèl la nan 203-276-7572.

Lopital Stamford pral swiv lis pwosedi pi ba a, lè li ap revize yon aplikasyon pou Èd finansye. Yo pral kontrole detèminasyon yo sou yon baz ka-pa-ka, men yap trete yo selon Règleman yo:

1. Detèminasyon pou elijiblite ak nivo yon Èd Finansye dwe fèt nan lespas 30 jou apre yo resevwa yon aplikasyon konplè. Yap trete yon aplikasyon, lè Konseye asiye pou Èd finansye a resevwa e revize tout enfòmasyon yo mande yo ak materyèl yo.
2. Lopital Stamford ap detèmine si aplikan an kalifye pou Èd Finansye selon règleman yo ann akò avèk bagay sa yo:
 - Lopital Stamford pral konpare revni kay fanmi pasyan an ak tay fanmi an avèk Gid Federal Povrete (FPG) a, ki an efè.
 - Lopital Stamford ap kalkile byen nèt yo ann akò ak bagay sa yo: Rezidans prensipal aplikan an ak machin prensipal li ap egzante nan adisyon byen yo.
 - Yo ka itilize nenpòt pwopriyete andiplis e byen pèsònèl nan evalyasyon an pou detèmine èd finansye a.
 - Kantite lajan likid nan kont depay konbine yo ak kont chèk tou, pral gen pou sèvi pou detèmine èd finansye.
 - Se responsablite aplikan an pou bay, sou demann, bon jan dokiman nan kont chèk/kont depay yo.
 - Dokiman akseptab pral konpoze ak kanè bank ki ajou oswa deklarasyon yo.

3. Kantite lajan anjeneral yo Voye bòdwo bay konpayi ("AGB") ap kalkile jan yo aplike metòd "Look Back" la (gade dèyè) sou kantite lajan yo pote sou bòdwo a. (Patikilye (Moun) kapab jwenn pousantaj AGB espesifik yo ak yon deskripsyon kalkil yo sou demann.)
4. Sipoze moun nan kalifye pou resevwa Èd Finansye a, lè sa a, Lopital Stamford pral detèmine ki kantite èd yo dwe aplike.

Pou yon moun ki gen revni ki ant 200% ak 400% FPG a, Lopital Stamford pral detèmine nivo remiz pou sèvis la, si revni an gwo nan kay pasyan an, chak lane, satisfè oswa pa depase kat fwa plis FPG ki pi resan an, selon tablo kalkil Èd finansye Lopital Stamford la. Yo pral aplike remiz la nan obligasyon pasyan an, ki, pou pasyan san asirans, se AGB ki baze sou metòd "look-back" (gade-dèyè) la. Oswa, pou pasyan ak asirans, franchiz la, ko-peman oswa obligasyon ko-asirans la pral detèmine lè yo sèvi avèk FPG sou revni chak lane lakay pasyan an e tablo kalkil Èd Finansye Lopital Stamford la.

Tablo ak echèl ki varye gradyèlman an pral bay remiz nan obligasyon pasyan an, jan sa a:

200% FPL la a 250% FPL la	100% remiz
251% FPL la a 300% FPL la	90% remiz
301% FPL la a 350% FPL la	80% remiz
351% FPL la a 399% FPL la	70% remiz
400%	60% remiz

5. W ka sèvi ak plan peman yo pou pèmèt ou peye balans w dwe yo. Peman chak mwa selon plan sa a ap limite pou yon dire maksimòm 1 lane; yo ka evalye eksepsyon yo sou yon baz ka pa ka. Yo pa p peye enterè nan plan peman an.
6. Si yon pasyan jwenn yon referans pou Lopital la atravè pwogram charite ekstèn yon tyès pati ki ofri tèm ak kondisyon ki diferan pase sa ki di pi wo a, Lopital Stamford ka patisipe nan pwogram nan epi, règleman sa a ap amande, si nesèsè, pou yo ka konfòme yo.
7. Nenpòt pasyan ki detèmine pou li ka kalifye pou Èd Finansye selon règleman sa a, ki baze sou revizyon yon aplikasyon konplè, ap rete kalifye (san bezwen okenn lòt aksyon) nan nivo èd ki te detèmine a, pou yon (1) lane apati dat detèminasyon an, eksepte jan sa espesifye pi ba a, nan paragaf sa a. Dat detèminasyon an se dat premye detèminasyon an, oswa dat detèminasyon ki swiv fen yon apèl, si yo te fè yon apèl. Malgre sa ki te di deja, yon chanjman nan sikonstans kote pasyan an santi plis Èd Finansye ta nesèsè, pasyan an ka fè yon aplikasyon ankò pandan peryòd yon lane a, epi li ka resevwa plis Èd finansye selon Règleman an, si li aplikab.
8. Li pwobab si yon pasyan ki resevwa Èd Finansye selon Règleman an, epi aprè yon gwo chanjman nan sikonstans (tankou chanje estati san asirans pou estati asire); pasyan an ap fè Konseye Finansye Lopital Stamford la konnen nan (203) 276-7572 pou li ka pran sa ankont alavni. Chanjman pozitif konsa nan sikonstans yo pap sèvi pou diminye nenpòt nan Èd Finansye yo bay deja. Andiplis, li pa swete pou yon pasyan ap rapòte chanjman ensiyifyan nan sikonstans yo, pito sèlman si li klè chanjman an ta gen anpil chans fè yon diferans nan detèminasyon Èd finansye a.

Si Lopital Stamford aprann ke yon aplikan pou Èd Finansye bay enfòmasyon materyèl ki fo nan pwosesis aplikasyon an, Lopital Stamford ap pran sa ankont nan revizyon aplikasyon an, oswa kontinyasyon kalifikasyon pou Finansye èd la.

Avi Sou Detèminasyon An

Lopital Stamford ap ranpli enfòmasyon pi ba yo sou lèt apwobasyon Èd Finansye a ansanm ak yon kat Idantifikasyon FAP apre yo fin revize chak demann konplè pou Aplikasyon Èd Finansye e pran yon detèminasyon:

- a. Dat pou detèminasyon
- b. Non Pasyan an
- c. Nimewo dosye medikal Pasyan an
- d. Dat Efektif
- e. Detèminasyon Kalifikasyon an (Apwouve / Refize) reprezantan apwopriye a fè l
- f. Valè apwove pou remiz

Si demann pou Èd Finansye a te REFIZE, Lopital Stamford ap dokimante rezon ki fè yo refize demann lan nan fòm Detèminasyon Èd Finansye a e remèt oswa voye yon lèt refi bay pasyan an oswa gadyen legal li.

Lopital Stamford ap klase kopi avi yo (refi oswa apwobasyon) ak demann konplè Aplikasyon Èd Finansye a.

PASYAN YO KAPAB ALE ANN APÈL KONT REFI Èd Finansye a e ka ale ann apèl pou nivo èd lan tou. Pasyan yo ka kòmanse yon apèl lè yo rele konseye finansye yo ki sou ka a, voye imèl Sèvis Kliyantèl la, oswa tou ekri yon konseye finansye oswa an pèsòn nan departman PBS la. Si pasyan an depoze yon apèl, konseye finansye Lopital Stamford yo, Lidè Ekip oswa Manager nan Sèvis Afè Pasyan an pral re-revize dokiman pasyan an, sa gen ladan nenpòt materyèl li fèk soumèt, epi yo pral dokimante ankò apwobasyon oswa refi a, e notifiye pasyan an ann akò ak seksyon sa a, nan lespas trant (30) jou apre li soumèt apèl la.

Tout avi oswa kominikasyon alekri Lopital la fè, selon règleman sa, ap ka ale nan kourye elektwonik oswa lòt fòm kominikasyon elektwonik, si moun nan endike li (fanm/gason) prefere resevwa avi e kominikasyon yo selon mwayen elektwonik.

DISTRIBISYON RÈGLEMAN ÈD FINANSYÈ

Pèsonèl admisyon Lopital la responsab pou asire Rezime nan Langaj Òdinè a distribye, san peye, nan moman enskripsyon pasyan yo. Lopital Stamford ap enfòme moun ki mande enfòmasyon sou depans sèvis Lopital Stamford la, sou Règleman Èd Finansye Lopital la e yo pral klèman afiche siy konsènan règleman Èd Finansye Lopital Stamford la nan departman dijans lopital la ak zòn admisyon yo, ak lòt zòn piblik apwopriye, sa gen ladan sal datant ak klinik yo. Jan yo egzije sa, detanzantan, Lopital Stamford pral mete ajou règleman ak Schedule C kòm sa afiche nan sit entènèt Lopital la.

AKTIVITE REKOUVREMAN

Lopital Stamford pral jwenn akò ekri ki soti nan ajans rekouvremant yo pou aji nan non Lopital la pou swiv regleman sa a, sa ki gen ladan yon akò pou bay pasyan yo enfòmasyon sou kòman pou yo fè aplikasyon pou Èd Finansye kote sa apwopriye. Nenpòt ajans rekouvremant Lopital Stamford itilize dwe jwenn konsantman ekri Lopital Stamford anvan li kòmanse yon aksyon legal pou kolekte montan lajan pasyan an dwe Lopital Stamford.

Lopital Stamford ap evite pran yon ECA (sa defini pi ba a) si pasyan an soumèt yon Aplikasyon Èd Finansye konplè, sa ki gen ladan nenpòt dokiman sipò obligatwa, pandan Lopital la ap detèmine kalifikasyon pasyan an pou èd.

Pa gen dèt yap refere pou rekouvremant sof si yo bay pasyan an yon avi ki di yo pral refere dèt la pou rekouvremant, omwen kenx (15) jou anvan yo refere dèt la pou rekouvremant.

Lopital la pa pral angaje li nan Aksyon Rekouvremant Ekstraòdinè ("ECAs") eksepte ann akò ak Règleman Faktirasyon e Rekouvremant li. (Règleman Faktirasyon e Rekouvremant an disponib, sou demann, nan Depatman Finans la ki gen kontak li ki founi pi ba a.) ECA yo gen ladann :

- (i) Kòmanse nenpòt ki aksyon legal pou kolekte yon bòdwo nan men yon pasyan (men sa pa gen ladan depoze yon reklamasyon nan yon pwosedi fayit annatant)
- (ii) bay rapò nan yon ajans rapò kredi oswa biwo kredi
- (iii) mete yon dwa konfiskasyon sou pwopriyete moun nan (eksepte dwa konfiskasyon otorize sou lwa Eta a, apre yon jijman oswa antant pou aksidan pèsònèl ki gen rapò ak swen yo bay la)
- (iv) arete oswa sezi nenpòt kont labank moun oswa lòt pwopriyete pèsònèl
- (v) Sezi (arete) salè yo.

Lopital la pa pral angaje li nan ECA ki pi ba yo

- (i) Sezi yon pwopriyete reyèl
- (ii) Sa ki lakòz yon moun sijè a yon sezi-arestasyon fizik
Sa ki lakòz arestasyon yon moun
- (iii) Vann dèt yon moun bay yon lòt pati, sof si sèten nan kondisyon yo satisfè
- (iv) Ajoune yon dosye oswa refize swen medikal nesèsè oswa egzije peman anvan yo bay swen pou rezon non-peman yon bòdwo pase.

Depoze yon reklamasyon fayit pa ka konsidere kòm yon ECA.

RAPÒ E KONFÒMITE

Lopital Stamford pral soumèt rapò obligatwa bay Eta Connecticut la pou sa ki konsène Pwogram Èd Finansye a.

Yon anplwaye otorize entèn fè revizyon peryodik detèminasyon FAP yo pou asire konfòmite avèk règleman Lopital la.

ENFÒMASYON KONTAK

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Èd Finansye a oswa pou mande pou yon Aplikasyon Èd Finansye, rele (203) 276-7572 pou pale ak yon Asistan Èd Finansye. Lang etranje, sa gen ladann Panyòl ak Kreyòl, yo bay tradiktè si ou mande.

Tanpri kontakte Konseye Èd Finansye asiyen an pou pran yon randevou yon fwa ou fin fè aplikasyon èd finansye ou la. Tanpri bay kopi tout dokiman yo mande yo pou yo ka trete aplikasyon an.

Stamford Sante
1351 Washington Boulevard, 7th Floor
Stamford, Connecticut 06902



Oswa

Fax to: 203-276-7093